

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Atikan atawa pendidikan mangrupa *pendewasaan* pikeun peserta didik dina mekarkeun bakat, poténsi jeung kaparigelanna, ngaliwatan diajar dipiharep peserta didik bisa ngaronjatkeun préstasi diajarna. Hal ieu luyu jeung katerangan Munib (2004:34):

“Pendidikan nya éta usaha sadar jeung sistematis, anu dilakukeun ku jalma-jalma anu miboga tanggung jawab pikeun mangaruhan peserta didik atawa siswa sangkan miboga sifat jeung tabiat saluyu jeung cita-cita pendidikan”.

Dina prosés diajar, aya dua unsur anu penting nya éta métode pangajaran jeung média pangajaran. Dua aspék ieu raket patalina dina kagiatan diajar. Biasana nalika métode pangajaran dipilih, kudu disaluyukeun jeung média pangajaran anu rék ditepikeun dina kagiatan diajar.

Média miboga fungsi salaku nu mawa informasi ti sumber (guru) ka penerima (siswa). Sedengkeun métode nya éta prosedur pikeun ngabantu siswa dina narima jeung ngolah informasi pikeun ngahontal tujuan pembelajaran.

Dunya atikan raket patalina jeung média pangajaran, dina kagiatan pangajaran ayana média salaku métode, media miboga fungsi keur ngirut siswa sangkan siswa bisa leuwih rancagé, nalika lumangsungna kagiatan pangajaran. Dina nangtukeun média pangajaran teu bisa sagawayah, sabab média pangajaran kudu saluyu jeung karakteristik siswa.

Sakumaha Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat no.5 Taun 2003 ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah, yang menetapkan bahasa Daérah, antara lain bahasa Sunda, diajarkan di pendidikan dasar di Jawa Barat.* Saluyu jeung éta, Perda bahasa Daérah atawa Basa Sunda wajib aya di tiap sakola, keur diajarkeun ka siswa pikeun ngamumulé basa wewengkon basa daérah di Jawa Barat.

Basa mangrupa pakakas penting dina kahirupan masarakat, sabab basa mangrupa alat komunikasi anu kacida pentingna boh dina kahirupan sapopoé boh dina dunya atikan. Dina dunya atikan aya opat kaparigelan ngagunakeun basa nya éta ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan nulis, jeung kaparigelan maca. Kaopat kaparigelan ieu raket patalina anu sok disebut catur tunggal. Tiap hiji kaparigelan raket patalina anu hubunganna kana proses mikir.

Nurutkeun Hodgson dina Tarigan (2008:7), maca nya éta hiji prosés anu dilakukeun sarta digunakeun ku anu maca pikeun nyangking pesen atawa informasi, anu hayang ditepikeun ku panulis ngaliwatan média kecap atawa bahasa tinulis.

Tina opat kaparigelan diluhur, nulis mangrupa hiji kaparigelan ngagunakeun basa. Maca ogé bisa mangrupa alat pikeun komunikasi dina dunya atikan, nya éta komunikasi pikeun makna jeung lambang-lambang tinulis. Maca ogé mangaruhan kana prosés mikir dina kagiatan atikan, sabab ku loba maca siswa bisa ngébréhkeun eusi pikiran, gagasan, jeung pamadegan anu aya dina uteukna. Makna bacaan biasana aya dina pikiran nu maca. Gagasan biasana bisa kanyahoan ku balarea lamun maké hiji pakakas nya éta basa.

Ditinggali dina fungsina maca mangrupa pakakas komunikasi anu henteu langsung. Maca kacida pentingna pikeun dunya atikan, sabab maca bisa mantuan siswa dina prosés mikir. Biasana siswa anu boga kalangenan maca sok gampang nalika ngébréhkeun eusi uteukna kana wangun tinulis. Luyu jeung tujuan maca nya éta pikeun nyangking informasi, ngawengku eusi, jeung maham kana makna bacaan.

Maca téh nya éta maham kana pola-pola basa tina gambaran tulisanna, (Lado 1976:132 dina Tarigan 2008:9).

Tapi dina kayataan masalah-masalah anu aya, nyebutkeun yén pangajaran maca dongéng téh kurang bisa ngirut siswa dina kagiatan pangajaran, lantaran ninggali eusi caritana ogé siswa geus matak horéam maca dongéngna. Ku kituna, diperlukeun tarékah pikeun siswa resep kana maca.

Numutkeun Budi Rahayu Tamsyah (1996:121) dongéng nya éta carita rékaan anu méré kesan pamohalan tur ukuranna parondok. Eusi dongéng téh umumna ngandung atikan moral. Upamana waé jalma bener tangtu waé meunang pahala, jalma salah anu tangtu bakal meunang cilaka atawa siksaan, atawa kudu hirup sauyunan ambeh repeh rapih. Dongéng téh tara kanyahoan saha anu ngarangna, jeung biasana sumebarna sacara lisan.

Dina permasalahan-permasalahan anu aya diluhur kudu aya hiji metodé pangajaran nu nyumponan sangkan masalah ieu bisa réngsé, terus bisa ngahudang siswa sangkan siswa bisa resep kana maca. Metodé alternatif ieu dipaké pikeun pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa maca dongéng ngagunakeun média komik.

Criticos dina Daryanto (2010:5) nétélakeun yén média téh mangrupa salah sahiji komponén komunikasi, nya éta salaku nu mawa pesan ti komunikator keur komunikasi.

Biasana média digunakeun salaku rangsangan keur siswa dina ngahudang karancagéan atawa imajinasi siswa dina hiji pangajaran. Média ogé dipaké sangkan siswa henteu ngarasa bosen atawa monoton dina kagiatan pangajaran.

Gagne jeung Brigs dina Arsyad (2011:4) nétélakeun yén média pangajaran nya éta sarana fisik pikeun nepikeun matéri pangajaran, saperti buku, pilem, *vidéo*, kasét, foto, gambar, grafik, TV, komputer, jeung sajabana. Sedengkeun komik nya éta wangun kartun anu ngébréhkeun karakter jeung ngalarapkeun hiji carita dina runtuyan anu deukeut kaitanna jeung gambar sarta dirancang pikeun méré hiburan ka nu maca (Daryanto 2011:117).

Biasana préstasi siswa di sakola sok dipatalikeun kana permasalahan diajarna di sakola, dina maham matéri. Dina ngagunakeun média ogé, teu sakabéh kagiatan diajar bisa ngagunakeun média pangajaranna.

Média pangajaran anu berhasil diantaranya anu bisa ngirut siswa, sangkan siswa bisa maham matéri jeung dina praktékna ogé alus. Nurutkeun fungsina média pangajaran komik didieu dipaké sangkan bisa ngirut siswa, dina kaparigelan maca. Sabab tulisan bisa mantuan siswa pikeun mikir kritis.

Ieu panalungtikan lain mangrupa panalungtikan munggaran sabab saméméhna geus aya panalungtik séjén anu nalungtik kaéféktifan média komik pikeun kaparigelan maca, kalawan judul “Efektivitas Media Komik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Dongeng” anu ditalungtik ku Luxaz Priansyah taun 2011, nu kabuktian média komik téh éféktif jadi média pangajaran dina maca pamahaman téh jeung bisa ngaronjatkeun kaparigelan maca pamahaman siswa.

Panalungtikan ngeunaan média komik anu kadua nya éta dipatalikeun kana kaparigelan nulis hususna dina karangan narasi, anu judulna "Media Komik dina Pangajaran Nulis Karangan Narasi (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)" anu ditalungtik ku Pupung Ratnaningrum taun 2012.

Ieu panalungtikan téh ngabahas ngeunaan éféktivitas média komik dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng, saméméhna pretés tuluy ngabahas dongéng naon anu jadi bahan bacaan pikeun pangajaran, sabada siswa maham eusi carita siswa diperedih sangkan siswa bisa ngajawab patalékan anu bakal jadi bahan post-test.

Dina ieu panalungtikan mah média komik téh dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng, ku cara siswa dibéré média komik salaku média dina pangajaranna, komik didieu pikeun ngarangsang siswa dina ngébréhkeun eusi pikiran kucara siswa dibéré runtuyan komik, pikeun ngajawab patalékan sabada pangajaran réngsé.

Éta média komik éta dipiharep bisa ngirut siswa sangkan leuwih rancagé, leuwih resep kana maca jeung bisa mantuan ngahudang imajinasi siswa dina ngébréhkeun ide anu aya dina uteukna, pikeun nyusun kajadian-kajadian anu aya dina média komik.

Ku ayana hal-hal anu ngajurung pikeun diayakeunna panalungtikan sarta ngabuktikeun pangaruh éféktifitas média komik dina pangajarana basa Sunda, hususna dina kamampuh maca dongéng. Ieu panaluntikan téh judulna “Éféktivitas Media Komik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Dongeng Siswa Kelas VII C SMPN 29 Bandung.”

**Ristian Nurhidayanti, 2013**

Éféktivitas Média Komik Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Dongéng Siswa Kelas VII C SMPN 29 Bandung Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



## 1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana permasalahan-permasalahan anu dipedar dina kasangtukang, nya éta dina kagiatan pangajaran kurang ngirut minat siswa kana pangajaran maca dongéng. Loba siswa anu sok horéam nalika pangajaran dongéng téh, sabab ninggali bahan bacaeunna leuwih ti sakaca, jeung biasana dina pangajaran maca mah siswa téh sok rada kurang resep.

Hususna dina kaparigelan maca, loba pisan masalah anu mangaruhan siswa, dina kagiatan pangajaranna. Ku ayana permasalahan-permasalahan anu ngajurung pikeun diayakeunna panalungtikan anu dipatalikeun kana kamampuh maca dongéng, kucara ngagunakeun média komik dina pangajaran. Sangkan bisa ngirut minat siswa dina pangajaran maca hususna dina maca dongéng.

Dina ieu panalungtikan, diidentifikasi ngeunaan kumaha cara ngaronjatkeun kaéféktifan média pembelajaran, dina ngahontal préstasi diajar siswa sacara gembheng, tangtuna lega teuing ambahanna.

Sangkan leuwih musér dumasar kana kasang tukangna, ieu panalungtikan diwatesanan kana éféktivitas media komik pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas vii c smpn 29 bandung.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Saluyu jeung kasang tukang masalah anu dipedar di luhur, ieu di handap diébréhkeun rumusan masalah dina wangun kalimah pananya.

- 1) Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik?
- 2) Naha aya anu beda dina kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik?
- 3) Naha média komik téh éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C ?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho signifikansi kasuksésan média komik kana kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C SMPN 29 Bandung.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Anu jadi tujuan khusus dina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun kamampuh maca siswa kelas VII C dina maca dongéng.
- 2) Ngadéskripsikeun bédana kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C saméméh jeung sabada ngagunakeun Média Komik dina maca dongéng.
- 3) Ngadéskripsikeun média komik dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII C.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngeuyeuban wangun média dina pangajaran maca dongéng. Salian ti éta dipaharep ogé bisa méré sumbangan pangaweruh dina mekarkeun élmu pangaweruh anu sabenerna, jeung bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng dina nyangkem eusi pangajaran di sakola, hususna dina nyangkem matéri pangajaran maca dongéng.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Aya sababaraha mangpaat anu sipatna praktis, diantarana pikeun:

- 1) Pikeun Guru

Guru bisa ngukur kamampuh maca siswa kelas VII C, hususna dina kamampuh maca siswa dina maca dongéng.

## 2) Pikeun Siswa

Bisa ngaronjatkeun kamampuh maca siswa, kaparigelan maca raket patalina jeung kaparigelan nulis biasana anu kamampuh maca alus mah sok tara hésé dina ngébréhkeun eusi uteukna, sabab kandaga kecapna tangtu leuwih loba. Ku cara ngagunakeun komik salaku média pangajaranna didieu nya éta komik téh ngan saukur bacaeun hungkul, ogé keur pangdeudeul jeung pangrojong pangaweruh kabasaan dina kontéks ieu nya éta kekecapan.

## 3) Pikeun Panalungtik

Bisa ngamangpaatkeun panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng pikeun tingkat SMP kelas VII ku cara ngagunakeun komik salaku média pangajaranna.

## 4) Pikeun Lembaga Atikan

Bisa nambahan koléksi référénsi paélmuan basa, utamana hasil panalungtikan ieu aya patalina jeung dunya atikan pikeun bahan pangajaran Bahasa Sunda ngeunaan maca dongéng pikeun kelas VII di sakola-sakola.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi aya lima bab. Dina bab I bubuka anu eusina medar ngeunaan kasang tukang masalah, identifikasi masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis jeung sistematika nyusun skripsi. Dina bab II medar ngeunaan média pangajaran, komik, pangajaran maca, maca dongéng, jeung hipotésis panalungtikan. Bab III dipedar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku ngolah data, uji sipat data, jeung uji hipotétis. Dina Bab IV dipedar ngeunaan média komik dina pangajaran kamampuh maca, hususna dina kamampuh maca dongéng anu ngawengku analisis

kamampuh maca siswa ngagunakeun média komik, analisis kaéféktifan média komik, pedaran kaéféktifan média komik, analisis hasil pretes jeung post-test, jeung nguji hipotésis. Dina Bab V dipedar kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi.

